

# SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

## 2025 YON LÒT ANE POU YON LAVI MIYÒ OTÈ: JONATHAN THERMIDOR MANM SOSYETE KOUKOUY

Nou se pitit yon lòt ane, nou se pitit yon nouwèl espwa.

N ap grandi pou rev nou vin pi bèl, pou n ka wè yon pi bèl lorizon chak jou ki jou. 2025 se nesans tout bèl rev, se akouchman anpil souvni. Chak jou l ap pote, l ap bati yon lòt fenèt ki plen koulè.

Mwen chwazi, pou tout zanmi m, pou tout limanite nan ane 2025 sa a, tout bèl koulè esperans, tout koulè lanmou ak solidarite.

Chak maten dwe yon nouvo prentan, chak maten dwe yon lòt vwa, yon lòt kadans, yon lòt panse, yon lòt mouvman k ap bati yon lòt letènite byennere nan lavi nou.

Ranmase enèji nou avèk anpil pasyon, chante lavi, chante lespwa, espere, kreye, pote nouvote, konstui chemen pou yon byennèt kolektif.

Fòk nou reve sa ki gran, fòk nou koze pou yon lavi miyò, pou yon demen ki bèl.

Ann chèche penso pou nou melanje koulè lavi nou nan tout bèl dimansyon. Yon tan nouvo se pou 2025, yon tan nouvo se pou jounen jodia, se nou ki pou fè li ansanm.

Nou devan listwa pou yon lavi miyò, pou yon bèl rev, yon lòt sezon pi fre.

Limante se yon bèl kafou, yon bèl kafou ki mennen nan wout letènite.

Pou lonè ak respè, nou ap rasanble pou yon lòt rekòt lavi. Douvanjou a rive, sezon nouvo a la... Sezon pou nou ri ansanm.

Ekilibre lavi pou nou fè yon sèl vwayaj, yon sèl rega, yon sèl fanmi... yon fanmi ki pran nesans nan yon byennèt kolektif, fanmi limanite.

Bon ane 2025 chak moun, bon ane lespwa.

## TRAS ZANMI JULIO JEAN-PIERRE YO NAN «TRAS»

OTÈ: MICHEL-ANGE HYPPOLITE (KAPTEEN)  
MANM SOSYETE KOUKOUY

Tras (2003) se premye epi sèl grenn liv powèm, *Julio Jean-Pierre* ekri nan lang kreyòl ayisyen. Poutan, depi nan lane 1984, li te deja mete tout konpetans li, ansanm avèk eksperyans kominote li nan kreyasyon Sosyete Koukouy Kanada ki se premye gwoup literè kreyòl òganize nan Kebèk pou nou pa di nan Kanada.

Liv la divize an kat seksyon. Li genyen 41 powèm. Pami powèm sa yo, genyen ki pote non moun ki te gen relasyon zanmitay avèk *Julio Jean-Pierre*. Sepandan, nou obsève tou genyen 2 lèt ki pote non destinatè yo. Liv la genyen powèm ki plis ap dekri sityasyon peyi a pase powèm ki ap pale sou lanmou oswa lafanmi. Nou kapab konprann sa natirèlman, paske nou te alavèy ane 2004. Yon ane ki te vrèman difisil pou peyi a. Anfèt, anndan liv la, genyen yon powèm ki rele: *Sou ki pye pou nou danse?* (paj 86). Nan tèks sa a, se tankou *Julio Jean-Pierre* te gen presantiman sa ta kapab vin pi mal. Konesan Julio, mwen konnen, lè li te ap ekri pawòl sa yo:

*E si yon jou yo mande tè a?*

.....

*Si yo chase nou ekspilse nou?*

*Nou pa sonje wout Lafrik*

*Nou pa Ginen nou pa Dawoumen*

...

*Nou pa p konn sou ki pye*

*Pou nou danse* » (p. 86)

Pawòl sa yo genyen yon ton iwonik, men se la menm nou ye jounen jodi a. Konplo prezidan ameriken an *Joe Biden* ap souse tout mwèl entèlektyèl peyi a. Tout fòs kouraj tè Ayiti nan laj travayè li yo plis pwodiktif la. Gen yon tan, fòs enperyalis yo te kreye move kondisyon ki te fòse nou al travay Ladominikani ak Kiba pou nou al koupe kann. Jounen jodi a, se Brezil, Lajantin, Meksik an atandan nou pase anba fil fè pou nou ale lakay Tonton Sam. Se pa sa otè Tras la ta renmen wè nan moman li te ap ekri tèks sa a. Men, se sa li te santi ki nan wout ap vini epi ki tounen reyalyte a jounen jodi a.

### Non moun ki parèt kòm tit powèm

Liv ki rele Tras la genyen kat pati. Malgre divès ale vini ki genyen nan dezyèm pati a, li genyen sis non moun ki kapte atansyon nou: *Yvon King*, *Émile Célestin Mégie* (Togiram), *Fernand Auguste*, Manno Ejèn, Miya epi *Marie-Hélène*. Yo chak mache avèk yon fachin atansyon espesyal. Yo chak make otè a pou rezon pa yo, men sa ki konte se prezans yo nan yon liv ki ekziste pou vitam etènam. Tankou tout liv, li ekziste pou tout tan gen tan. [...]

Nan lèt pou Miya, se tankou otè a vle pale avèk Miya, men li pran san li pou li glise mesaj la nan yon pòt sou kote. Sepandan, li konnen, vire tounen, se nan pye Miya koze li yo pral ateri. Nan sans sa a, otè a rantre nan yon jwèt voye dlo san li pa mouye Miya. Men, nan lespri pa li, se mèt pwen an ki va oblije ranmase pwen an. Annou li pawòl *Julio*

*Mwen renmen fanm lan tankou*

*Yon boutèy fèlè ki sere pi bèl souvni*

*Kenbe sikatris yo pou mwen*

*Pran swen de tanbou*

*K ap veye epi travay*

*Pou sove sansiblite danre perisab* (p. 62)

Aprè tout pawòl sa yo otè a fin deplòtonnen nan lèt la, li klotire panse li avèk liypwezi sa a: «*mwen menm tou m ap tann landemil... ak moun ou konnen m konnen an.*» (p. 62)

Anvan sa, otè a di Miya:

*Mwen investì fò*

*Pou teknoloji karès mwen pi bèl pi swa*

*Ak moun ou konnen m konnen an* (p. 60)

Otè a pa janm nonmen non moun lan, men se tankou se Miya ki konnen moun sa a, limenm otè tèks la konnen an. Anfèt, genyen plizyè moman kle nan mesaj la, olye pou otè a ta site non Miya, li kontinye di: «*ak moun ou konnen mwen konnen an*».

Kidonk, li a pran pòz mètdam li. Nou ta kapab di, li ap mare fisèl manti ak fil blan, paske nanpwen yon amatè, ki gen amatè sou li toutbon, ki pou ap mete tan li, pale ak yon fi, ki pa boubout li ak lide pou fi sa a sèvi li kouwa transmisyon pou li voye pawòl pou yon lòt fi. Menm si, se avèk yon lòt gason li ta vle pale koze li, li ta dwe reflechi milyon ven fwa anvan pou li ta rantre nan kalite konplisite sila a, paske anpil fwa, komisyonè konn kite wout komisyonè yo genyen an, pou yo vini aktè prensipal. Pawòl la di: «*Atansyon pa kapon. Se mèt kò ki pou veye kò, si li vle pou kò byen pòtan.*» Pi plis toujou: «*Se sòt ki bay epi enbesil ki pa pran.*» Konsa, «*evite miyò pase mande padon.*»

Chak lèt yo, ki sou fòm powèm, mache avèk dimansyon pa yo. Pafwa se lanmou an daki, *lèt pou Miya*, pafwa se yon konsta lavi li mennen nan papòt yon pitit sou soufrans manman pitit sila a, *Lèt pou Marie-Hélène*. Men, lèt sila yo rantre nan liv la avèk pwòp fonksyon pa yo.

### Zanmi Julio Jean-Pierre pa vle bliye

Nan Tras, nou jwenn dedikas, lomeyans epi ochan. Se yon fason *Julio* chwazi pou li demontre zanmi ki genyen non yo anba chak ribrik sa yo longè afeksyon li, pisans santiman li epi fòs zanmitay ki ini li avèk yo. Pami divès zanmi sa yo, genyen 4 ki jwenn ladesant anndan liv la nan yon fason espesyal. Se *Yvon King*, *Émile Célestin Mégie*, *Fernand Auguste* epi Manno Ejèn. Chak moun sa yo parèt anndan liv la avèk siy pa yo. Se konsa, nou distenge yon *Moniman pou Yvon King*, otè a mete *Émile Célestin Mégie* san plis ni mwens, men li voye *Ochan pou Fernand Auguste* epi *De twa mo pou Manno Ejèn*.

Lè nou obsève pozisyon tèks yo nan liv la epi longè yo, nou remake premye tèks la, ki pote non *Yvon King*, pi long pase tout lòt yo epi an dezyèm, ni nan pozisyon ni nan kantite liy pwezi, se tèks ki pote non *Émile Célestin Mégie* a. Tousuit apre *Mégie*, se yon tèks ki rele *Mwen pa konnen* ki vini anvan *Fernand Auguste* ki kòtakòt avèk Manno Ejèn. Nan refleksyon nou, nou kapab di, ni longè tèks yo, ni lòd otè a chwazi pou li plase tèks yo se endis nan degre atansyon otè a pou chak moun sa yo anndan liv la. Anfèt, li separe *Émile Célestin Mégie* epi *Ochan pou Fernand Auguste* avèk *Mwen pa konnen*. Se tankou otè a, ki pa vle fatigue atansyon lektè li yo sou prezans *Yvon King* nan liv la, bay tèt li yon ekstansyon pou li kontinye pale sou *Yvon King*. Nan tèks sa a, li pwofite nonmen non kèk kanmarad ki te travèse lento lavi nan menm kondisyon avèk *Yvon King*.

Non moun sa yo se: Molè, Noé, Bato, Valdeima. Pou otè a demontre nou atosite peryòd la, kote san anpil jenn gason te koule pou kominis, li ekri:

*Ou detere men ou pou ou ekri non ou*

*Sou mi legliz la*

*Non pa ou ak non Molè*

*Noé Bato Valdeima*

*Ak yon bann lòt mwen pa ka li* (p. 49)

Otè a pran yon ekstansyon, men li te tou pwofite bay *Yvon King* yon diplis san li pa nonmen non misye. Li twò ta pou nou dekouvri relasyon ki te genyen ant *Yvon King* epi *Julio Jean-Pierre*. Sa ki rete klè, nou konnen powèl la pa pe janm leve yon moniman pou yon moun, si moun lan pa alawotè moniman, plim otè a trase nan paj 42 rive nan paj 45 lan. *Yvon King* tèlman domine santiman powèl la, nou jwenn non li plizyè fwa nan premye liv *Julio* a, ki rele *La Route de la soif* (p. 35,50).

*Yon moniman pou Yvon King* se yon fason pou nou toujou sonje sila yo ki te toujou prezan nan divès konba nou ap mennen nan lavi nou: politik, chanjman sosyal oswa chanjman lengwistik, ki limenm tou se yon eleman sosyal. Kòm *Julio* te konnen, li pa te ape janm genyen chans pou li te vini yon gwo chèf nan lakomin vil Senmak, jouk pou li ta gen pouvwa mete yon moniman pou *Yvon King* sou plaj Gwos Wòch, li te kreye yon moniman pou zanmi li nan Tras. Se yon fason pou tras *Yvon King* toujou rete nan lespri tout moun kòm yon konbatan pou libète, jistis sosyal ak byennèt kolektif nan Senmak. Moniman pou *Yvon King*, se yon mesaj lanmou, yon mesaj fratènite. Se yon mesaj ki demontre nou okenn sakrifis pa pe janm twò gran pou moun ki vle suiv chemen liberasyon.

Mouri jodi, muri demen, se muri. Men, muri pou konviksyon nou, muri pou yon kòz nasyonal, se yon lanmò san remò. Si pou gen lanmò san remò, fòk noumen ki vivan yo, nou fè menm kalite travay avèk *Julio*. Sa vle di, nou dwe ajri pou nou kore souvnan moun kou *Yvon King* yo.

Adefo yon moniman piblik sou plaj Gwos Wòch, nou obsève yon jès vijilans anndan liv la :

*Tout moun di se Gwos Wòch*

*Gwos Wòch pa nou an*

....

*Pèsonn pa te mande sann ak pousyè*

*Konbyen moun ki sonje ranmase*

*Yon ponyen tè*

*Yon priz sab Gwos Wòch*

*Pou mete nan papòt lakay yo?* (p. 44-45)

Anpil nan moun, ki ap li powèm ki rele *Moniman pou Yvon King* la, pa konnen *Yvon King*, men pawòl ki nan

liv la endike nou aklè se sou plaj Gwos Wòch brigant yo te antere kadav kò li.

*Ou muri tou dousman nan men yo*

*Wa di ramye sovaj*

*Lakansyèl apre lapli mwadme*

*Ou dwe pa menm muri* (p. 50)

Nan *Moniman pou Yvon King*, nou pa jwenn pawòl ki ap tire lobe anndan etensèl tout koulè. Sepandan, nou kontre babpoubab avèk pawòl yon zanmi nan kè yon zetwal ki file. Yon zetwal ki kase byen bonè, paske li te pran pozisyon pou yon lavi miyò. *Moniman pou Yvon King*, se pawòl yon zanmi ki kanpe king pou li imòtalize yon kanmarad tout moun te ap tann, men ki pa te janm retounen nan bra fanmi li. Malfektè yo te asaninen li.

Tras *Yvon King* ki rantre anndan rekèy sila a ki rele Tras, se yon senmafò ki dwe siyale memwa yon konbatan pou chanjman.

Konsa, nou rete kwè, yon jou kou jodi a, jenerasyon ki nan wout ap grandi nan vil Senmak va sonje, epi yo va ale sou plaj Gwos Wòch, kote yo va kanpe yon moniman pou *Yvon King*. Yon jenn gason, ki te boukante lavi li avèk lespwa, rev jistis sosyal li yo va kontinye grandi jenerasyon apre jenerasyon, yon fason pou nou pa janm pèdi lespwa; ni tou, pou nou pa janm sispann batay pou yon lavi miyò tout tan souf lavi a sou nou.

### Émile Célestin Mégie, Ochan pou Fernand Auguste, Detwa mo pou Manno Ejèn

Nan powèm kou: *Émile Célestin Mégie, Ochan pou Fernand Auguste Detwa mo pou Manno Ejèn*, *Julio* louvri bèl nap pou li kreye yon espas, kote se mo li ap kayonnen pandan li ap lomeyans twa zanmi ekvripen nou fenk site pi wo a, de powèt yon chansonye. *Mégie* (Togiram) epi Manno Ejèn bay mo yo sakad, fè yo monte apik nan syèl pwezi yo avèk van ki soti nan souf Papa Loko. [...]

Lè nou li powèm ki rele *Émile Célestin Mégie* a, nou remake *Julio Jean-Pierre* mennen nou nan yon lòt nivo. Pou mwen bay yon panse Lewòp lapasèt, mwen kapab di, tèks sa a rantre nan moul literati fantastik. Se tankou mwen genyen yon pwezi fantastik ki ap deplòtonnen devan je mwen. Mo fantastik la, nan literati, li koresponn ak yon sansasyon ki devlope laperèz, paske nou twouve nou nan yon chan ki depase kad natirèl la. *Le dictionnaire du littéraire Presse universitaire française* (2002, 279). Nan Sosyete Koukouy, nou itilize tèm pwezi rasin lan, yon pwopozisyon Henri Robert Durandisse, pou nou eskplike kalite espektak literè sa yo.

An nou li pawòl *Julio Jean-Pierre*

*Lè Mégie ap monte lakay li*

*Tout tanbou Marigo suiv li*

*Ti tanbou manman tanbou*

*Tanbou rada asòtò*

...

*Epi yon kout zèklè*

*Tout tanbou tounenn timoun*

*Yon kolonn ti maymay pran Mégie*

*San po san zo san rad*

*Pou fè letou laplas Marigo* (p. 46-47)

Se kalite transfòmasyon sinatirèl sa a, Lewòp batize literati fantastik. Jacques Stephen Alexis rele «*Le réalisme merveilleux* » epi noumenm nan Sosyete Koukouy, nou pwopoz pou nou konekte li avèk deskripsyon rasin lan, ki ban nou pwezi rasin. Konsa, nan Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy, nou li anba plim Jean-Robert Placide ak Michel-Ange Hyppolite :

*Finalman, nan konsidere enspirasyon oubyen adaptasyon vodoun an ki chapante òganizasyon estetik teyat pwofan nan, nou tire yon teyat diferan nou batize : teyat rasin. Se yon refleksyon ki derape apati lide powèt Henri Robert Durandisse, manm Sosyete koukouy, te esprime pou yon pwezi rasin. (Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy, volim 5, ane 2021, paj 34.)*

Nan tèks *Julio Jean-Pierre* la, se *Émile Célestin Mégie*, ki ap transfòme anndan powèm lan pou li pran fòm divès kalite tanbou. Pi plis toujou apre yon kout zèklè, transfòmasyon yo kontinye, tout tanbou yo tounen timoun pou yo pwonmennen ak *Mégie* san po, san zo, san rad. Li vin tounen yon envizib pou timoun Marigo yo pwonmennen sou plas Marigo a. Kidonk, se lespri *Mégie* ki ap akonpaye timoun sa yo. Se lespri *Mégie* ki tanpe vil Marigo. Se nòm, paske se sèl *Mégie*, ki te vire mo *Marigot* (ki ekri an franse a) lanvè (anagram) pou li te bay tèt li yon non vanyan: Togiram.

Nan *Tras*, nou pa jwenn ekzibisyon lapawòl. Sepandan, nou jwenn yon pan pawòl ki rete konekte ak reyalyte natif natal peyi Ayiti. Apwòch sa a pa nouvo pou *Julio Jean-Pierre*. Nou jwenn yon apèsi li nan liv *Julio* ki rele *La Route de la Soif*, anndan yon tèks ki rele «*Tout comme chez moi.*» (paj 16-17). Nan rekèy powèm ki rele *Tras* la, genyen pasyon ak pasyans, lanmou ak lamitye, epi pi plis toujou genyen lespwa. Se yo tout ansanm ki sèvi luil pou mèch travay la rete vivan nan mitan nou epi pi plis toujou nan kè sosyete nou an.

Malgre fòs travay *Julio Jean-Pierre*, elegans li nan fason li metrize teknik ekri pwezi, nou pa wè travay li anndan antoloji pwezi ki mete ekri ayisyen ki ekri an franse yo alonè. Travay nou sou tèks sa se fason pa nou pou nou bay powèt vil Senmak la, reponndong pou briyans li, ki kite tras li toupatou nan peyi a epi anndan kominote ayisyen an nan Kanada.

### YON LÈZ NAN SOU TRAS JULIO JEAN-PIERRE, ZÈV KOLEKTIF SOSYETE KOUKOUY KANADA, KOLEKSYON KOUKOUY 2023, PAJ 36-47